

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa alat interaksi sosial atawa alat komunikasi manusa. Dina tiap komunikasi, manusa bisa silih tepikeun informasi nu mangrupa pikiran, gagasan, maksud, perasaan, nepi ka emosi sacara langsung.

Manusa bisa komunikasi jeung interaksi ngaliwatan rupa-rupa cara. Salah sahijina nyaéta ngaliwatan éksprési verbal anu disebut basa. Basa mangrupa alat nu dipiboga ku manusa pikeun ngabédakeun jeung sasatoan.

Basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa téh mibanda ragam. Ari ragam basa téh bisa disawang tina jihat nu makéna nu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna, bisa tina jihat makéna anu nyoko kana jejer omongan, sarana, jeung sipat pasosokna.

Ragam basa mangrupa variasi tina basa dumasar kana pamakéna. Mekarna basa nu ayeuna leuwih ragem tangtu bisa ngawangun hiji kaanekaragaman wangun basa anu digunakeun. Faktor nu ngawangun éta hal téh nya éta tina bédana situasi kondisi panyatur, budaya, jeung suku bangsa anu mangaruhan kana dialék panyaturna.

Dipakéna basa Sunda téh keur sadirieun jeung ka batur. Keur sadirieun, nyaéta dina waktu urang keur ngimpi, ngadu'a, kukulutus, ngitung, jeung catetan poéan pribadi. Keur batur, nyaéta waktu urang komunikasi.

Dina kanyataannana, basa Sunda dipaké pikeun alat campur gaul jeung papada urang Sunda atawa nu lain urang Sunda tapi geus bisa basa Sunda. Unggal golongan di masarakat Sunda kayaning TNI, patani, pagawé, pajabat, pangusaha, guru, ulama, jeung murid ngagunakeun basa Sunda dina rupa-rupa jejer, saperti agama, pulitik, kamasarakata, ékonomi, atikan, jeung pangaweruh sok sanajan lila jeung mindeng makéna basa Sunda mah béda-béda unggal jejer téh.

Ragam basa Sunda nurutkeun warna makéna basa bisa disawang tina jihat jejer omongan, medium atawa sarana, jeung sipat pasosokna. Disawang tina jejer omongan aya ragam basa urang réa (balaréa) anu ilahar dipaké sapopoé jeung ragam basa urang

aré nu dipaké dina widang jurnalistik, paélmuan, sastra, jeung agama. Disawang tina médium makéna aya ragam basa lisan anu dipaké dina paguneman, aya ragam basa tulis nu dipaké dina, surat, koran, majalah, jeung buku.

Disawang tina jihat pasosokna, aya ragam basa nu nyunda jeung ragam basa nu teu nyunda. Ieu téh henteu ngandung harti masarakat Sunda ulah narima pangaruh tina basa lian. Nyerep unsur tina basa lian dimeunangkeun pisan, pangpangna dina hal pakeman-pakeman basa anyar dina basa Indonésia anu beuki loba tur popilér sarta dina Basa Sunda tacan aya sawandana (Sudaryat, 2004, kc. 5).

Ragam basa bisa kawangun ku sabab ayana kagiatan interaksi sosial anu dilakukeun ku masarakat atawa kelompok nu rupa-rupa atawa teu homogén.

Bédana pakasaban, profesi jabatan, atawa tugas masarakat bisa ogé ngabalukarkeun ayana variasi sosial. Misalna waé basa buruh atawa tukang, padagang, supir angkot, guru, ustad, jeung pangusaha pasti aya variasi basa anu béda antara masarakat hiji jeung masarakat séjénna. Bédana éta basa lantaran lingkungan tugas jeung naon anu di kerjakeun ku éta masarakat.

Ragam basa anu dipaké di wewengkon téh geus lila disebut *basa Sunda wewengkon*. Ieu basa téh katangén tina lentong jeung kecap-kecapna. Ragam basa nurutkeun atikan formal ngabédakeun ayana *ragam basa nyakola* jeung *ragam basa teu nyakola*. Ragam basa ti panyatur anu nyakola ilaharna ébréh lebah ucapan foném-foném tina basa kosta, ngukuhan kaédah basa, boh tata basana boh undak usuk basana.

Asupna jalma-jalma nu asalna ti saluareun Jawa Barat bisa jadi mangaruhan kabudayaan kayaning segi basa. Jalma-jalma nu asalna ti saluareun Jawa Barat loba kapangaruhan budaya daérah utamana basa. Saacan sadar atawa henteu sadar maranéhna ngadarangu jeung boga kahayang bisa nyarita basa nu aya di sabudeureuna. Nepi ka basa nu dibeunangkeun ku jalma-jalna nu asalna ti saluareun Jawa Barat mangrupa hasil budaya. Kedalna omongan atawa basa Sunda téh kapangaruhan ku tempat, waktu, jeung suasana makéna, di mana dipakéna, iraha makéna, jeung kumaha waktu makéna.

Hal sarupa dialaman ogé ku masarakat dina tiap-tiap pakasaban nu hususna aya di Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor, lantaran maranéhna aya sabudeureun nu maké basa Sunda antukna dina kagiatan pakasabana sapopoé.

Masarakat Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor dina kagiatan sapopoéna ngagunakeun panganteur basa Sunda.

Hal éta saluyu jeung kalungguhan basa Sunda salaku basa daérah mibanda fungsi atawa pancén: (1) lambang kareueus daérah; (2) lambang idéntitas (jati diri) daérah; (3) pakakas gaul di lingkungan kulawarga jeung masarakat daérah; (4) basa panganteur di sakola dasar ti mimiti kelas I nepi ka kelas III; (5) pangrojong basa nasional; jeung (6) pangrojong jeung pamekar kabudayaan daérah (Prawirasumantri, 1992, kc. 21).

Sakumaha anu disebutkeun yén salah sahiji fungsi basa Sunda téh nya éta jadi pakakas gaul di lingkungan kulawarga jeung masarakat daérah, kukituna kamampuan makéna basa indung ku masarakat mangrupa pakakas gaul di lingkunganana.

Panalungtikan ngeunaan ragam basa kungsi dilaksanakeun, di antarana waé “Ragam Basa anu digunakeun dina Prosés Diajar Ngajar Basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung Taun Pelajaran 2006-2007” (Euis Nengsih, 2007). Éta panalungtikan téh medar ragam basa di Lingkungan SMP, “Ragam Basa Sunda dina Akun *Twitter* mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah FPBS UPI” (Wening Anggana 2014), “Ragam Basa Sunda Ciak di Kacamatan Cibiuk Kabupatén Garut” (Tanti Komalasari 2016). Ragam Basa Sunda di lingkungan masarakat dina tiap-tiap pakasabana can aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Ragam Basa Sunda dina Pakasaban Masarakat di Kecamatan Cijeruk Kabupaten Bogor” dilaksanakeun.

1.2 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun seperti ieu dihandap:

- a. Naon waé pakasaban masarakat di Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor?
- b. Kumaha wangun kandaga kecap pakasaban masarakat di Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor?

- c. Kandaga kecap has naon waé anu dipaké ku masarakat dina tiap-tiap pakasabannana?
- d. Kumaha ragam basa nu dipaké komunikasi ku masarakat dina tiap-tiap pakasabannana?
- e. Kumaha harti kecap nu dipaké ku masarakat dina tiap-tiap pakasabanana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus. Éta dua tujuan téh didadarkeun ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan anu baris dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun ragam basa Sunda nu aya di Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan ngadéskripsikeun lima hal, nya éta:

- a. pakasaban masarakat di Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor;
- b. wangun kandaga kecap pakasaban masarakat di Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor;
- c. kecap-kecap has dina pakasaban masarakat di Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor;
- d. ragam basa nu dipaké komunikasi ku masarakat di tiap-tiap pakasabanana; jeung
- e. harti kecap nu dipaké ku masarakat di tiap-tiap pakasabanana.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis nu nyampak dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban tiori paélmuan sosiolinguistik jeung hasil panalungtikan nu geus aya.

1.4.1 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta bisa dijadikeun bahan tinimbangan para guru pikeun nyusun bahan pangajaran basa Sunda, meunangkeun kabeungharan kecap jeung katatabasaan pikeun ningkatkeun kamampuh basa Sunda siswa, jeung pikeun mikanyaho ragam basa nu aya di Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor.

1.5 Raraga Tinulis

Ieu tulisan téh dipidangkeun dina lima bab anu eusina ngadadarkeun, saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

BAB II Tatapakan tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan ragam basa jeung kecap-kecap khas nu aya dina pakasaban masarakat, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

BAB III Métofeu Panalungtikan, eusina ngeunaan métodologi panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data sarta analisis data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran, eusina ngawengku déskripsi ragam basa, sarta kecap-kecap khas dina pakasaban masarakat. Dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan anu dilaksanakeun.

BAB V Kacindekan, eusina mangupa bagian pamungkas tina skripsi, nya éta kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran nu ditepikeun keur nu maca. Éta saran téh tujuanna sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.